

### **BAB III**

#### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

Sangkan tujuan panalungtikan kahontal, ieu panalungtikan téh kudu maké métode anu luyu jeung panalungtikanana. Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode kualitatif déskriptif anu tujuanana ngajéntrékeun atawa nganalisis kalawan téhnik survéy, wawancara, jeung observasi.

“Métodologi panalungtikan” asalna tina kecap ”métode” anu hartina cara anu bener pikeun ngalakukeun hiji hal, jeung “logos” anu hartina élmu pangaweruh. Jadi, “métodologi” hartina cara ngalakukeun hiji hal ku ngagunakeun pikiran sacara bener pikeun ngahontal hiji tujuan. Sedengkeun “panalungtikan” nya éta hiji kgiatan pikeun néangan, nyatet, ngarumuskeun, jeung nganalisis nepi ka nyusun laporanana (Narbuko, spk., 2007, kc. 1).

Nurutkeun David H. Peny (dina Narbuko, spk., 2007, kc. 1), panalungtikan nya éta pamikiran anu sistematis ngeunaan sababaraha jenis masalah anu cara ngajawabna merlukeun kgiatan ngumpulkeun jeung nafsirkeun fakta-fakta. Nurutkeun Sutrisno Hadi (dina Narbuko, spk., 2007, kc. 2), luyu jeung tujuanana, panalungtikan bisa dihartikeun salaku usaha pikeun nimukeun, ngembangkeun, jeung nguji bebeneran hiji pangaweruh. Sedengkeun nurutkeun Mohammad Ali (dina Narbuko, spk., 2007, kc. 2), panalungtikan nya éta hiji cara pikeun maham hiji hal ngaliwatan usaha néangan bukti-bukti anu muncul babarengan jeung éta masalah, anu dilakukeun sacara ati-ati nepi ka aya cara pikeun ngungkulana éta masalah.

Tina sababaraha wangenan ngeunaan panalunngtikan di luhur, bisa dicindekkeun yén métodologi panalungtikan nya éta hiji cabang élmu pangaweruh ngeunaan cara-cara ngalaksanakeun panalungtikan (nya éta ngawengku kgiatan-kgiatan néangan, nyatet, ngarumuskeun, nganalisis nepi ka nyusun laporanana) dumasar kana fakta-fakta atawa gejala-gejala sacara ilmiah.

Nurutkeun Sugiono (2012, kc. 1), métode panalungtikan kualitatif nya éta métode panalungtikan anu digunakeun pikeun nalungtik dina kondisi objék anu alamiah, dina ieu métode panalungtik salaku instrumén inti. Téhnik ngumpulkeun datana dilakukeun sacara trianggulasi (gabungan), analisis data sifatna induktif,

jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih nekenkeun kana ma'na, lain generalisasi.

Dina panalungtikan kuantitatif, panalungtik ngagunakeun instrumén pikeun ngumpulkeun data atawa ngukur status variabel anu ditalungtik, sedengkeun dina panalungtikan kualitatif, panalungtik anu jadi instrumén. Ku sabab kitu, dina panalungtikan kualitatif, instruménnya nya éta jalma atawa *human instrument*. Sangkan bisa jadi instrumén anu hadé, panalungtik kudu boga bekel tiori jeung jembar pangaweruh, sangkan mampuhh nanya, nganalisis, moto, jeung ngolah objék anu ditalungtik sangkan jadi leuwih jelas jeung miboga ma'na.

Data dina panalungtikan kualitatif kudu data anu pasti. Data anu pasti nya éta data anu sabenerna kajadian luyu jeung anu sakumaha ayana, lain ngan data anu sakur katitén jeung kasebutkeun, tapi data anu ngandung ma'na. Dina panalungtikan kualitatif, ngumpulkeun data teu dipandu ku tiori, tapi dipandu ku fakta-fakta anu aya di lapangan. Ku sabab kitu, sifat analisis datana nya éta induktif, dumasar kana fakta-fakta anu aya, anu satulunya bisa dikonstruksikeun jadi hipotésis atawa tiori. Jadi, dina panalungtikan kualitatif, ngalakukeun analisis data téh pikeun ngawangun hipotésis, sedengkeun dina panalungtikan kuantitatif, ngalakukeun analisis data téh pikeun nguji hipotésis. Analisis data dina panalungtikan kualitatif dilaksanakeun ti mimiti nyusun proposal, ngumpulkeun data di lapangan, nepi ka meunangkeun sakabéh data.

Métode kualitatif digunakeun pikeun meunangkeun data anu nyosok jero, hiji data anu ngandung ma'na. Ma'na nya éta data anu sabenerna, data anu pasti anu mangrupa hiji ajén di satukangeun data anu nyampak. Ku kituna, dina panalungtikan kualitatif, teu nekenkeun kana generalisasi, tapi leuwih nekenkeun kana ma'na. Generalisasi dina panalungtikan kualitatif disebut *transferability*, anu hartina hasil éta panalungtikan bisa digunakeun di tempat anu lian, anu miboga karakteristik anu teu bédah jauh.

### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan nya éta pedoman atawa prosedur sarta téhnik dina rarancang panalungtikan, gunana salaku panduan pikeun ngawangun strategi anu ngahasilkeun model panalungtikan. Ieu di handap mangrupa desain panalungtikan


Rinie Mutia Widaningsih, 2015

AJÉN FALSAFAH DINA UPACARA HAJAT LEMBUR DI KAMPUNG ADAT CIKONDANG DÉSA  
LAMAJANG KECAMATAN PANGALÉNGAN KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN  
MACA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

anu geus dirarancang, sangkan dina ngalaksanakeun panalungtikan bisa luyu jeung tujuan anu rék dihontal.

Bagan 3.1  
Désain Panalungtikan



### 3.2 Partisipan jeung Tempat Panalungtikan

#### 3.2.1 Partisipan

Partisipan dina ieu panalungtikan ngawengku jalma-jalma anu ilubiung dina upacara Hajat Lembur, utamana kuncén Kampung Adat Cikondang anu jadi sumber data utama dina ieu panalungtikan. Sumber data anu digunakeun nya éta: 1) Banda, gerakan, prosés anu tangtu, jeung sakabéh kagiatan dina runtusan upacara Hajat Lembur anu aya di Kampung Adat Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung; 2) Tokoh adat masarakat/warga masarakat, jeung aparat Désa; jeung 3) Hasil tina kajian pustaka, di antarana buku-buku anu digunakeun pikeun référénsi.

#### 3.2.2 Tempat Panalungtikan

Tempat dilaksanakeunana ieu panalungtikan nya éta di Kampung Adat Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung. Kampung Adat Cikondang nya éta salahsiji Kampung Adat anu aya di Jawa Barat. Jarak ti kota Kecamatan Pangaléngan, kira-kira 13 km, sedengkeun ti Kota Bandung jarakna 20 km.

Ieu kampung téh dibagi jadi dua RW, nya éta RW 03 jeung RW 04. Kampung Adat Cikondang miboga Leuweung Karamat, ari lokasi Leuweung Karamat jeung imah kabuyutan Kampung Adat Cikondang téh ayana di wilayah RT 03 RW 03.

Sacara administrasi, wates wilayah kampung Adat Cikondang nya éta beulah kalér ngawates sawah Salem anu umumna milik warga masarakat, beulah kidul ngawates makom keramat jeung TPU, aya ogé pasir/kebon anu warga masarakat. Beulah wétanna ngawates jeung kampung Badra, jeung beulah kulonna ngawates kampung Lamajang. Sedengkeun wates Désa Lamajang, beulah kalérna Désa Cikalang, beulah kidulna Désa Pulosari, beulah wétanna Désa Tribakti Mulya, jeung beulah kulonna Désa Sukamaju. Ieu lembur aya di léngkobeun Gunung Tilu.

Jumlah peduduk anu aya di RW 03 nya éta 389 jiwa, ngawengku jumlah lalaki aya 200 jiwa jeung jumlah awéwé aya 189 jiwa. Agama anu dianut ku warga masarakat Désa Lamajang nya éta agama Islam. Sakabéh wargana nya éta WNI jeung etnis Sunda. Pakasaban masarakatna nya éta tani/ngebon, miara hayam/domba, buruh, wiraswasta, guru, jeung PNS.

Ieu di handap baris dijéntrékeun profil Désa Lamajang salaku tempat dilaksanakeunana panalungtikan

Tabél 3.1  
Daftar Potensi Désa jeung Kelurahan

Kode PUM	32.04.15.2005
Desa/Kelurahan	Lamajang
Kecamatan	Pangaléngan
Kabupaten/Kota	Bandung
Provinsi	Jawa Barat
Bulan	Désémber
Taun	2015
Luas (Ha)	4.016.096
Koordinat Bujur	107.548
Koordinat Lintang	7.123
Ketinggian DPL (M)	983.89
<i>Terluar di Kecamatan</i>	<i>Ya</i>
<i>Terluar di Kabupaten/Kota</i>	<i>Tidak</i>

Rinie Mutia Widaningsih, 2015

AJÉN FALSAFAH DINA UPACARA HAJAT LEMBUR DI KAMPUNG ADAT CIKONDANG DÉSA LAMAJANG KECAMATAN PANGALÉNGAN KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

<i>Terluar di Provinsi</i>	<i>Tidak</i>
<i>Terluar di Indonesia</i>	<i>Tidak</i>

Tabél 3.2  
Wates Désa

Batas	Desa/Kelurahan	Kecamatan
Beulah Kidul	Pulosari	Pangalengan
Beulah Kalér	Cikalong	Cimaung
Beulah Kulon	Sukamaju	Cimaung
Beulah Wétan	Tribakti	Pangalengan

Tabél 3.3  
Sumber Daya Manusia

### 3.3.1 JUMLAH

a. Jumlah Lalaki	5.216 urang
b. Jumlah Awéwé	5397 urang
c. Jumlah Total (a+b)	10.613 urang
d. Jumlah Kepala Keluarga	3.430 KK
e. Kepadatan Penduduk (c / Luas Desa)	264 per km

### 3.3.2 PENDIDIKAN

TingkatanPendidikan	Lalaki (Urang)	Awéwé (Urang)
1. Umur 3-6 taun nu can asup TK	401	428
2. Umur 3-6 taun nu asup TK/playgroup	104	123
3. Umur 7 – 18 taun anu teu pernah sakola	86	35
4. Umur 7 – 18 taun anu keur sakola	706	829
5. Umur 18-56 taun anu teu pernah sakola	-	-
6. Umur 18-56 taun anu teu tamat SD	-	-
7. Umur 18- 56 taun anu teu tamat SLTP	2.301	2.012
8. Umur 18 – 56 taun anu teu amat SLTA	452	608
9. Tamat SD/sederajat	2.225	2.443
10. Tamat SMP/sederajat	524	718
11. Tamat SMA/sederajat	351	478
12. Tamat D-1/sederajat	17	21
13. Tamat D-2/sederajat	15	15
14. Tamat D-3/sederajat	14	15
15. Tamat S-1/sederajat	10	10

Rinie Mutia Widaningsih, 2015

AJÉN FALSAFAH DINA UPACARA HAJAT LEMBUR DI KAMPUNG ADAT CIKONDANG DÉSA LAMAJANG KECAMATAN PANGALÉNGAN KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

16. Tamat S-2/sederajat	-	-
17. Tamat S-3/sederajat	-	-
18. Tamat SLBA	-	-
19. Tamat SLBB	-	-
20. Tamat SLBC	-	-
<b>Jumlah</b>	7.504	7.989
<b>JumlahTotal</b>	15.493	

### 3.3.3 PAKASABAN

Jenis Pakasaban	Lalaki (Urang)	Awéwé (Urang)
1. Tani	442	26
2. Buruh tani	367	421
3. Buruh migran awéwé		
4. Buruh migran lalaki		
5. Pegawai Negeri Sipil	30	31
6. <i>Pengrajin industri rumah tangga</i>	41	42
7. <i>Pedagang keliling</i>	99	186
8. <i>Peternak</i>	98	18
9. Dokter swasta		1
10. Bidan swasta		
11. Pensiunan TNI/POLRI	19	10
<b>Jumlah</b>	<b>1102</b>	<b>729</b>
<b>Jumlah Total Penduduk....orang</b>	5.216	5.397

### 3.3.4 LEMBAGA ADAT

Kaayaan Lembaga Adat (✓ = Ada)		
• Pemangku Adat	✓	
• Kepengurusan Adat	✓	
Simbol Adat (✓ = Ada)		
• Rumah Adat	✓	
• Barang Pusaka	✓	
• Naskah-naskah	✓	
Jenis Kagiatan Adat (✓ = Ada)		
• <i>Musyawarah Adat</i>	✓	
• <i>Sanksi Adat</i>	✓	
• <i>Upacara Adat Perkawinan</i>	✓	
• <i>Upacara Adat Kematian</i>	✓	
• <i>Upacara Adat Kelahiran</i>	✓	

Rinie Mutia Widaningsih, 2015

AJÉN FALSAFAH DINA UPACARA HAJAT LEMBUR DI KAMPUNG ADAT CIKONDANG DÉSA LAMAJANG KECAMATAN PANGALÉNGAN KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

• <i>Upacara Adat dalam Bercocok Tanam</i>	✓	
• <i>Upacara Adat Bidang Perikanan/Laut</i>	-	
• <i>Upacara Adat Bidang Kehutanan</i>	✓	
• <i>Upacara Adat dalam Pengelolaan Sumber Daya Alam</i>	✓	
• <i>Upacaraadat dalam Pembangunan Rumah</i>	✓	
• <i>Upacaraadat dalam Penyelesaian Masalah/Konflik</i>	✓	

Sumber: Profil Désa Lamajang 2015

Nilik kana tabél Lembaga Adat di luhur, katitén yén di Kampung Adat Cikondang miboga struktur kapangurusun adat. Ieu kapangurusun adat tangtuna waé geus diatur ti baheulana, dilaksanakeun sacara turun-tumurun tur luyu jeung tradisi anu aya, contona waé dina Pamangku Adat di Kampung Adat Cikondang. Nurutkeun kapercayaan masarakat Kampung Adat Cikondang, karuhunna nya éta salasaurang wali anu nyebankeun agama Islam, biasa disebut Uyut Istri jeung Uyut Pameget. Masarakat percaya yén karuhunna téh tilem. Anu jadi gagantina nya éta Ma Empuh, Ma Akung, Anom Idil, Anom Rumya, Anom Émén, Anom Samsa jeung anu ayeuna nya éta Anom Djuhana. Kalungguhan anu jadi Anom, teu dipilih langsung ku warga masarakat, tapi ngaliwatan wangsit.

Lian ti éta, aya ogé simbol-simbol adat anu nyampak jadi ciri yén ayana tradisi anu dilestarikeun ku masarakat Kampung Adat Cikondang, nya éta situs Imah Adat Cikondang, barang-barang pusaka saperti keris, jeung naskah-naskah, contona waé aya naskah “Radén Barzah”.

Disagigireun ayana situs Imah Adat Cikondang, barang-barang pusaka, jeung naskah, dina tanggal anu geus ditangukeun masarakat Kampung Adat Cikondang ogé ngalaksanakeun sababaraha upacara adat. Di antarana waé upacara dina kahirupan sapopoé, saperti nalika ngalahirkeun, kawinan, atawa aya nu maot, upacara ngaruat lembur, jalan, jeung kandang sato anu dipiara ku masarakat, ogé upacara dina ngolah Sumber Daya Alam, saperti upacara nalika panén.

### 3.3 Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Maryaéni (2005, kc. 60), salahiji kagiatan pokok dina panalungtikan nya éta kagiatan ngumpulkeun jeung nganalisis data luyu jeung Rinie Mutia Widaningsih, 2015

AJÉN FALSAFAH DINA UPACARA HAJAT LEMBUR DI KAMPUNG ADAT CIKONDANG DÉSA LAMAJANG KECAMATAN PANGALÉNGAN KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

tujuan anu geus ditangtukeun saméméhna. Kalancaran kagiatan panalungtikan gumantung kana kasiapan panalungtik dina nyiapkeun hal naon waé saacan panalungtikan. Dina ieu hal, panalungtik kudu nyiapkeun sarana jeung prasarana anu baris dibutuhkeun, tahap kagiatan anu rék dilakonan, idéntifikasi data anu sacara kongkrét baris diolah/dianalisis, gambaran waktu anu baris digunakeun, jeung sasaran meunangkeun data anu dituju.

Dina ngalaksanakeun panalungtikan kabudayaan atawa panalungtikan sacara umumna, aya dua hal poko aku kudu diperhatikeun, nya éta ngumpulkeun jeung nganalisis data. Éta pamahaman dipiharep bisa jadi dadasar pikeun ngembangkeun pangaweruh dina widang:

- 1) Nangtukeun téhnik ngumpulkeun data panalungtikan;
- 2) Ngarékonstruksi jeung ngembangkeun téknik ngumpulkeun data panalungtikan luyu jeung spésifikasi jeung rupa-rupa masalah anu keur digarap;
- 3) Nangtukeun téhnik analisis ngumpulkeun data panalungtikan;
- 4) Ngarékonstruksi jeung ngembangkeun téknik analisis data panalungtikan luyu jeung spésifikasi jeung rupa-rupa masalah anu keur digarap.

### **3.3.1 Instrumén Panalungtikan**

Insumén panalungtikan ngawengku sarana jeung prasarana dina meunangkeun jeung ngumpulkeun data nalika panalungtikan, anu gunana pikeun mantuan panalungtik dina ngalaksanakeun kagiatan panalungtikan. Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan di antarana nya éta:


- 1) Hapé (*handphone*):

Dina ieu panalungtikan, Hap'e dipaké pikeunn jadi alat bantu dina hal dokuméntasi.

- a. *Camera*, digunakeun pikeun motoan lumangsunngna runtusan kagiatan upacara Hajat Lembur.
- b. *Recorder*, digunakeun pikeun ngarékam sora narasumber nu di wawancara sangkan kacangkem eusina.
- c. *Video*, digunakeun pikeun dokuméntasi mangrupa video nalika panalungtikan tur wawancara.

- 2) Data informan (narasumber), jeung format wawancara, ieu format wawancara digunakeun pikeun dijadikeun titik acuan patalékan-patalékan anu rék diajukeun ka narasumber nalika wawancara.

Tabél 3.4  
Format Biodata Informan

<b>Biodata Informan</b>	
1. Wasta	:
2. Umur	:
3. Pakasaban	:
4. Atikan	:
5. Alamat	:
6. Kalungguhan	:
 Poto	

TabéI 3.5  
Biodata Informan (1)

**Biodata Informan**

- |                |   |  |
|----------------|---|--|
| 1. Wasta       | : | Djuhana  |
| 2. Umur        | : | 69 taun  |
| 3. Pakasaban   | : | Tani   |
| 4. Atikan      | : | SMP/Sederajat  |
| 5. Alamat      | : | Kp. Cibiana RW 18 Desa Lamajang Kec. Pangalengan Kab. Bandung. |
| 6. Kalungguhan | : | Kuncén Imah Adat Cikondang                                     |



Gambar 3.1 Bapa Djuhana (Kuncén Imah Adat/Pupuh Hajat Lembur)  
(Dokuméntasi Rinie)

**Tabé尔 3.6**  
**Biodata Informan (2)**

<b>Biodata Informan</b>	
1. Wasta	: Ilin
2. Umur	: 69 taun
3. Pakasaban	: Pensiunan
4. Atikan	: SMP/Sederajat
5. Alamat	: Kp. Cikondang RT 02 RW 03 Desa Lamajang Kec. Pangalengan Kab. Bandung.
6. Kalungguhan	: Tokoh Masyarakat



Gambar 3.2 Abah Ilin  
(Dokuméntasi Rinie)

Tabé尔 3.7

### Biodata Informan (3)

#### **Biodata Informan**

- |                |   |  |
|----------------|---|--|
| 1. Wasta       | : | Nana Sumarna   |
| 2. Umur        | : | 46 taun  |
| 3. Pakasaban   | : | Kepala Désa  |
| 4. Atikan      | : | S 1  |
| 5. Alamat      | : | Kp. Karang Tengah RW 07 Desa Lamajang Kec. Pangalengan Kab. Bandung. |
| 6. Kalungguhan | : | Kepala Désa Lamajang   |



Gambar 3.3 Foto Kepala Désa Lamajang (Bapa Nana Sumarna) jeung  
Panalungtik  
(Dokuméntasi Rinie)

TabéI 3.9  
Pedoman Wawancara

No	Rumusan	Poko-poko Patalékan
1.	Sajarah/Asal-usul Upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang	1. Naon ngaran éta upacara? 2. Ti iraha éta upacara dilaksanakeun? 3. Saha nu mimiti ngayakeun éta upacara? 4. Naon sababna éta upacara dilaksanakeun? 5. Di mana éta upacara dilaksanakeun? 6. Naha éta upacara dilaksanakeun dina bulan Sapar? 7. Saha nu mingpin éta upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang?
2.	Anu ilubiung dina upacara Hajat Lembur jeung prak-prakan upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang	8. Saha waé masarakat anu ilubiung dina éta upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang? 9. Kumaha prak-prakan upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang?
3.	Alat jeung bahan anu digunakeun dina upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang	10. Pakéan anu kumaha anu kudu dipaké nalika upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang? 11. Naon waé anu kudu diayakeun atawa disiapkeun dina éta upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang? 12. Ti iraha éta alat atawa kalengkepan upacara disiapkeun? 13. Simbol-simbol naon waé anu aya dina éta upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang?
4.	Tujuan jeung fungsi upacara	14. Naon tujuan tina éta upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang? 15. Naon ma'na jeung fungsi simbol-simbol alat jeung

		bahan ogé sakabéh runtusan prak-prakan upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang?
5.	Relevansi	<p>16. Naha éta upacara masih dilaksanakeun?</p> <p>17. Kumaha rélévansina éta upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang jeung kahirupan masarakat Cikondang kiwari?</p>

### 3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka, studi lapangan (observasi), téhnik wawancara jeung téhnik dokuméntasi. Hal anu mimiti dilaksanakeun nya éta ngalakukeun *survey* ngeunaan objék panalungtikan, nya éta ngadatangan lokasi panalugtikan.

Anu saterusna ngalaksanakeun observasi atawa studi lapangan pikeun meunangkeun informasi/data sacara *faktual* kalayan maké alat pangrojongna di antarana Hapé (*handphone*) pikeun dipaké motoan kagiatan upacara, ngarékam sora (*recorder*), jeung dipaké ngarékam video ngeunaan prak-prakkan runtusan upacara Hajat Lembur, ogé wawancara ka narasumber pikeun meunangkeun informasi/kajelasan sacara lisani. Ieu panalungtikan teu leupas tina studi dokuméntasi atawa studi pustaka ti sababaraha buku sumber anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

#### a) Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka miboga tujuan pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan. Misalna tina buku-buku sumber, jurnal, jeung monografi désa anu dijadikeun tempat lumangsungna panalungtikan.

#### b) Studi Lapangan (Observasi)

Narbuko, spk. (2007, kc. 70) nétélakeun yén *observasi atau pengamatan adalah alat pengumpulan data yang dilakukan dengan cara mengamati dan mencatat secara sistematis gejala-gejala yang diselidiki*. Nurutkeun Spradley (dina Sugiono, 2012, kc. 68), objék panalungtikan dina panalungtikan kualitatif anu diobservasi disebut “situasi sosial”, anu kawincik jadi tilu komponén, nya

Rinie Mutia Widaningsih, 2015

AJÉN FALSAFAH DINA UPACARA HAJAT LEMBUR DI KAMPUNG ADAT CIKONDANG DÉSA LAMAJANG KECAMATAN PANGALÉNGAN KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

éta: a) *place* atawa tempat; b) *actor* atawa palaku; jeung c) *activities* atawa aktivitas.

### c) Wawancara

Narbuko, spk. (2007, kc. 83) nétélakeun yén *wawancara adalah proses tanya-jawab dalam penelitian yang berlangsung secara lisan di mana dua orang atau lebih bertatap muka dan mendengarkan secara langsung informasi-informasi atau keterangan-keterangan*. Tujuan wawancara nya éta pikeun ngumpulkeun informasi, lain pikeun ngarobah atawa mangaruhun opini réspondén.

Nurutkeun Lincoln and Guba (dina Sugiono, 2012, kc. 76), aya tujuh léngkah dina ngagunakeun wawancara pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan kualitatif, nya éta:

- 1) nangtukeun ka saha éta wawancara baris dilaksanakeun;
- 2) nyiapkeun pokok-pokok masalah anu jadi bahan tanyakeuneun;
- 3) muka galur wawancara;
- 4) ngalaksanakeun wawancara;
- 5) ngonfirmasi ikhtisar hasil wawancara jeung nutup wawancara;
- 6) nuliskeun hasil wawancara kana catetan lapangan; jeung
- 7) ngidéntifikasi hasil wawancara.

Dina ieu panalungtikan, jenis wawancara anu digunakeun nya éta wawancara semistruktur (*Semistrukture Interview*). Panalungtik Wawancara semistruktur nya éta wawancara anu dina ngalaksanakeunana leuwih bébas dibandingkeun jeung wawancara *terstruktur*. Jenis ieu wawancara kaasup katégori *in-dept interview*. Tujuanana nya éta pikeun meunangkeun masalah sacara leuwih jéntré, pihak anu diwawancara dipénta sawangan jeung idé-idéna. Dina ngalaksanakeun wawancara, panalungtik perlu maham sacara taliti jeung nyatet naon waé anu dijelaskeun ku informan (dina Sugiono, 2009, kc 73).

### d) Dokuméntasi

Dokuméntasi perlu dilakukeun nalika panalungtikan, tujuanana nya éta pikeun bukti yén panalungtik geus ngalaksanakeun prosés panalungtikan. Alat anu

digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta Hapé pikeun moto, ngarékam sora, jeung pikeun *video*.

### 3.4 Analisis Data

Nalika milih strategi analisis data, bisa dimimitian ku maca transkrip wawancara, catetan-catetan lapangan, atawa dokumén-dokumén anu perlu dianalisis. Bisa ogé ku ngadéngékeun deui rékaman wawancara dibarengan ku nyieun transkrip, bisa digunakeun kasemptan pikeun nganalisis jeung ngolah catetan-catetan anu aya (dina Kuntjara, 2006, kc. 101).

Analisis mangrupa kagiatan: (1) ngaruntuykeun data luyu jeung runtusan masalah atawa runtusan pamahaman anu rék dihontal; (2) milah-milah data dina formasi atawa kategori anu tangtu luyu jeung antisipasi panalungtik; (3) *interpretasi* panalungtik luyu jeung satuan data anu sajalan jeung pamahaman anu rék dihontal; (4) méré ajén kana data sangkan ngahasilkeun kacindekan hadé atawa goréng, bener atawa teu bener, *signifikan* atawa teu *signifikan* (dina Maryaeni, 2005, kc. 75).

Téhnik analisis data dina ieu panalungtikan ngagunakeun Modél Spradley. Spradley (dina Sugiono, 2010, kc. 345) ngabagi analisis data dina panalungtikan dumasar kana tahapan dina panalungtikan kualitatif, nya éta:

- 1) milih situasi sosial (*place, actor, activity*);
- 2) ngalaksanakeun observasi partisipan;
- 3) nyatet hasil observasi jeung wawancara;
- 4) ngalakukeun observasi déskriptif;
- 5) ngalakukeun analisis domain;
- 6) ngalakukeun observasi *terfokus*;
- 7) ngalakukeun analisis taksonomi;
- 8) ngalakukeun observasi *terseleksi*;
- 9) ngalakukeun analisis komponénsial;
- 10) ngalakukeun analisis téma kultural;
- 11) temuan budaya; jeung
- 12) nulis laporan panalungtikan kualitatif.

Ieu dihandap mangrupakeun wincikan tina téhnik analisis Spradley anu dilaksanakeun ku panalungtik.

1) Milih Situasi Sosial (*Place, Actor, Activity*)

Prosés panalungtikan dimimitian ku nangtukeun tempat jeung informan. Disagédéngéun pikeun ngamumulé budaya Sunda ngaliwatan pendidikan, méré informasi ka nu maca, jeung apérsiasi kana program Pamaréntah dina ngalestarikeun kabudayaan, salasahiji kasang tukang panalungtik dina nangtukeun Kampung Adat Cikondang salaku tempat dilaksanakeunana panalungtikan, kusabab kairut ku ayana tradisi anu masih kénéh dilaksankeun ku masarakatna, nya éta upacara Hajat Lembur.

Di Kampung Adat Cikondang aya saurang Kuncén, Kepala Désa jeung sababaraha urang tokoh masarakat anu bisa dijadikeun informan nalika ngumpulkeun data.

2) Ngalaksanakeun Observasi Partisipan

Sanggeus meunangkeun informan, panalungtika ngalaksanakeun observasi partisipan. Maksudna nya éta ngumpulkeun data ngaliwatan wawancara ka unggal informan.

3) Nyatet Hasil Observasi Jeung Wawancara

Sanggeus ngalakukeun wawancara, panalungtik nyatet hasil observasi jeung wawancara sacara taliti.

4) Ngalakukeun Observasi Déskriptif

Dina ngalakukeun wawancara, panalungtik nyatet hasil wawancara jeung ngarékan kagiatan wawancara. Sanggeus kitu, panalungtik fokus kana objék panalungtikan jeung ngajukeun sababaraha patalékan deskriptif.

5) Ngalakukeun Analisis Domain

Sanggeus ngalaksanakeun observasi déskriptif, dituluykeun ku ngalakukeun analisis domain. Analisis domain umumna dilakukeun pikeun meunangkeun gambaran sacara umum tina objék panalungtikan. Data dibeunangkeun ngaliwatan patalékan nu basajan jeung patalékan sacara kompléks. Hasilna mangrupa gambaran umum ngeunaan objék anu ditalungtik. Dina ieu analisis, informasi anu aya mangrupa gambaran, masih kudu dianalisis. Sanajan kitu, informasi geus nimukeun domain-domain

atawa katégori tina situasi sosial anu ditalungtik (Sugiono, 2012, kc. 349). Domain anu kapaluruh tina hasil ieu panalungtikan nya éta mangrupa alat jeung bahan anu digunakeun nalika upacara Hajat Lembur.

6) Ngalakukeun Observasi *Terfokus*

Informasi anu geus dibeunangkeun dina analisis domain, ditalungtik deui ngaliwatan observasi sacara *terfokus*.

7) Ngalakukeun Analisis Taksonomi

Analisis taksonomi nya éta analisis ngeunaan sakabéh data anu kakumpul dumasar domain anu geus ditetepkeun (Sugiono, 2012, kc. 356). Domain anu dipilih dijéntrékeun sacara leuwih rinci, pikeun mikanyaho struktur internalna (Sugiono, 2012, kc. 348). Alat jeung bahan anu ditalungtik dijelaskeun ngeunaan jenis, kagunaan jeung ajén falsafahna.

8) Ngalakukeun Observasi *Terseleksi*

Dumasar kana hasil analisis taksonomi, dituluykeun ku ngalaksanakeun observasi *terseleksi*, nya éta ngajukeun patalékan-patalékan anu kontras ngeunaan pangbéda antara alat jeung bahan anu dipaké dina upacara Hajat Lembur ogé ajén falsafahna séwang-séwangan.

9) Ngalakukeun Analisis Komponénsial

Dina analisis komponénsial, anu ditalungtik nya éta hal-hal anu ngabédakeun dina unggal domain panalungtikan. Ieu analisis aya raket hubunganana jeung prosés analisis *terseleksi* di luhur.

Dina ieu panalungtikan, dijelaskeun ngeunaan Pancacuriga anu ngawengku: 1) Silib; 2) Sindir; 3) Simbul; 4) Suluk/Siloka; jeung 5) Sasmita. Tina unggal domain, dipilah-pilah mana waé anu jadi békéda jeung kaasup kana Silib, Sindir, Simbul, Suluk/Siloka, jeung Sasmitana.

10) Ngalakukeun Analisis Téma Kultural

Tujuan analisis téma kultural nya éta néangan hubungan di antara domain, jeung kumaha hubungan sakabéhna. Anu satuluyna dihubungkeun jeung téma atawa judul panalungtikan (Sugiono, 2012, kc. 348).

Sanggeus kapaluruh ngeunaan domain (alat jeung bahan dina upacara Hajat Lembur), ajén falsafahna, sarta hubunganana jeung Pancacuriga,

panalungtik ngalakukeun analasis téma kultural. Nya éta néangan hubungan antarkomponén anu ditalungtik jeung rélèvansina kana kahirupan masarakat di Kampung Adat Cikondang.

11) Temuan Budaya

Sanggeus ngalaksanakeun analisis di luhur, kacangking temuan budaya anu rék dihontal.

12) Nulis Laporan Panalungtikan Kualitatif

Dumasar kana éta temuan, dituluykeun ku nuliskeun laporan panalungtikan budaya.